

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Desain Panalungtikan**


Ieu panalungtikan téh ngagunakeun pamarekan kualitatif, lantaran éta métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta métode déskriptif analitik. Ari métode téh asalna tina basa Latin nya éta *methodos* anu hartina cara-cara, strategi pikeun maham kana réalitas, léngkah-léngkah sistematis dina ngungkulan runtuyan sabab-akibat. Métode miboga pungsi pikeun ngungkulan pasualan dina panalungtikan (Ratna, 2012, kc. 34).

Dipilihna Métode déskriptif analitik lantaran cara gawéna anu ngagambarkeun jeung méré pamahaman (nalaah jeung medar) ngeunaan fakta-fakta anu nyampak dina objék panalungtikan (Ratna, 2012, kc 53). Anu disebut fakta-fakta dina ieu panalungtikan téh, nyaéta data ngeunaan wangun jeung prak-prakan, unsur sémiotik, jeung kumaha larapan tradisi Sérén Taun Guru Bumi di masarakat Sindang Barang pikeun bahan pangajaran kamampuh maca wacana budaya.

Pikeun maluruh atawa nganalisis data, panalungtik ngagunakeun kajian sémiotik, anu ngulik ngeunaan tanda jeung sagala anu aya patula-patali jeung tanda; cara fungsina, patula-patalina jeung tanda séjénna, panyaturna, jeung pangrunguna ku maranéhna nu maké éta tanda.

Pikeun ngumpulkeun kabéh pangabutuh patali jeung sumber data katut datana digunakeun téhnik studi pustaka. Téhnik studi pustaka téh ajangkeuneun pikeun nangtukeun sumber data jeung maluruh data anu raket patalina jeung pangaweruh ngeunaan budaya, boh dina hal tiori, boh dina hal tradisi jeung upacara. Ari pikeun nyusun, nalaah, jeung medar sumber data nepi ka nganalisis data, ieu panalungtikan mikabutuh desain anu puguh jeung ngentép-seureuh. Patali jeung éta, ieu di handap panalungtik geus ngararancang saperti kumaha gawéna.

### Bagan 3.1 Desain Panalungtikan





### 3.2 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan kawilang penting dina prosés panalungtikan, sabab kahontal henteuna tujuan panalungtikan gumantung kana instrumén anu digunakeun. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh diantarana:

- a. Alat pangrékam, anu digunakeun pikeun ngarékam prosés ngumpulkeun data dina téhnik ngumpulkeun data.
- b. Kamera, nu digunakeun pikeun dokuméntasi. Dimana kaméra ieu dipaké pikeun ngahasilkeun gambar dina prak-prakan panalungtikan.
- c. Data Informan jeung pedoman wawancara, digunakeun pikeun ngawawancara informan atawa jalama anu dianggap ngawasa kana tradisi Sérén Taun Guru Bumi.

**Tabel 3.1**  
**Format Data Informan**

<b>Biodata Informan</b>	
Wasta	: Achmad Mikami Sumawijaya
Tempat, ping, gumelar	: Jakarta, 11 Mei 1970
Umur	: 47 Taun
Pakasaban	: Pupuhu Kampung Budaya
Atikan	: STIE Perbanas Jakarta
Alamat	: Kampung Budaya Sindang Barang
Kalungguhan	: Pupuhu
	




**Tabel 3.2**

**Format Data Informan**


**Biodata Informan**

Wasta	: Icco
Tempat, ping, gumelar	: Bogor, 18 – 06 – 1951
Umur	: 66 Taun
Pakasaban	: Dinas Kebersihan Kampung Budaya
Atikan	: SD Bogor
Alamat	: Kamp Kabandungan Ds SirnaGalih Rt.02/08 Bogor
Kalungguhan	: Staff




**Tabel 3.3**  
**Format Data Informan**

<b>Biodata Informan</b>	
Wasta	: Rohman Hidayat
Tempat, ping, gumelar	: Bogor, 23 – 03 – 1985
Umur	: 32 Taun
Pakasaban	: Humas Kampung Budaya
Atikan	: S1 STAI
Alamat	: Sindang Barang Rt.03/03 Pasir Eurih Bogor
Kalungguhan	: Humas



**Tabel 3.4**  
**Format Data Informan**

<b>Biodata Informan</b>	
Wasta	: Ukat Sukatma
Tempat, ping, gumelar	: Bogor, 22 – 08 – 1960
Umur	: 56 Taun
Pakasaban	: Kokolot Kampung Budaya
Atikan	: SD Negeri Ciomas
Alamat	: Sindang Barang Rt.01/03 Pasir Eurih Bogor
Kalungguhan	: Juru Bicara



### **Daftar Pertanyaan Wawancara**

1. Kumaha kasang tukang ayana tradisi sérén taun guru bumi?
2. Naon nu jadi pungsi ayana upacara tradisi sérén taun guru bumi?
3. Kumaha runtuyan atawa prak-prakan tradisi sérén taun guru bumi?
4. Iraha dilaksanakeunana tradisi sérén taun guru bumi?
5. Ari tujuan diayakeunanan tradisi sérén taun guru bumi téh naon?
6. naon anu ngabédakeun tradisi sérén taun guru bumi jeung sérén taun séjénna?
7. Dina tradisi sérén taun guru bumi réa runtuyanana. Éta téh kumaha prak-prakprakanana sareng iraha dilaksanakeunana?
8. Dina unggal ritual atawa acara téh miboga tujuan henteu? ari tujuanana naon?
9. Alat atawa barang atawa kadaharan naon waé anu aya dina unggal ritual netepkeun, ritual ngala cai kukulu, sodakoh kuéh di Alun-Alun Kampung Sindang Barang jeung apuncakna nyaéta arak-arakan hasil bumi atawa Helaran Dongdang téh? Sareng maksudna tina unggal alat téh naon?

### **3.3 Sumber Data**

Nu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta informan jeung prak-prakan tradisi Sérén Taun Guru Bumi di Sindang Barang, Kabupaten Bogor.

#### **3.3.1 Lokasi Panalungtikan**

Lokasi nu dipaké panalungtikan téh nyaéta Kalurahan Sindangbarang. Ieu lembur téh pernahna mah di Désa Pasir Eurih Kacamatan Tamansari Kabupaten Bogor Jawa Barat. Ti Kota Bogor mah kira-kira 5 km. Dumasar kana naskah Pantun Bogor jeung Babad Pajajaran, lembur Sindangbarang téh minangka lembur pangkolotna di lelewék kota jeung kab Bogor mah. Nurutkeun Pantun Bogor mah lembur Sindangbarang geus aya saprak jaman Karajaan Sunda kurang leuwih ti abad ka-12. Di ieu lembur ogé baheula téh aya karajaan nu ngaranna Sindangbarang nu puseur dayeuhna di Kutabarang. Di ieu lembur ogé kabudayaan

Tati Suryati, 2019

*TRADISI SÉRÉN TAUN GURU BUMI DI SINDANG BARANG KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA (Ulikan Sémiotik)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



Sunda Bogor téh mimiti muncul tug nepi ka ayeuna nyampak dina wangun Upacara Adat Sérén Taun.

### 3.3.1.1 Kaayaan Géografis

Kalurahan Sindangbarang aya dina diketinggian +171.42 M kalayan curah hujan rata-rata 199.25 mm/taun. Ari legana mah 159.0115 héktar. Ieu kalurahan téh pernahana di Désa Pasir Eurih. Ieu kalurahan téh ngawengku 48 RT jeung 9 RW. Sacara administratif, wates kalurahan Sindangbarang téh nyaéta: beulah kalér ngawates jeung Kalurahan Bubulak, beulah kidul ngawates jeung Kalurahan Loji, beulah wétan ngawates jeung Kalurahan Ménténg, tur beulah kulon ngawates jeung Kalurahan Margajaya.

### 3.3.1.2 Kaayaan Sosial Budaya Masarkat Sindang Barang

#### a. Pakasaban

Mayoritas pakasaban masarakat Kalurahan Sindangbarang téh nyaéta pagawé suasta jeung buruh tani, tapi aya ogé anu jadi wiraswasta, Pegawai Negeri Sipil (PNS), jst.

Wincikan jumlah penduduk dumasar kana pakasaban bisa katitén dina ieu tabel di handap:

No.	Pakasaban	Jumlah
1.	Pegawai Negeri Sipil	220
2.	TNI	26
3.	Polri	37
4.	Swasta/BUMN/BUMD	4.560
5.	Wiraswasta/pedagang	519
6.	Tani	25
7.	Pertukangan	850
8.	Buruh Tani	1.025
9.	Pensiunan	904
10	Jasa/lianna	555

### b. Atikan

Minat masarakat Sindangbarang kana atikan kawilang hadé. Hal ieu dipangaruhan ku sarana jeung prasana nu ngarojong kana atikan geus lengkep, boh sarana atikan formal, boh sarana atikan non formal. Éta hal gé katiten tina data penduduk dumasar kana atikan, saperti ieu di handap.

No.	Atikan	Jumah
1.	Taman Kanak-kanak	1.529
2.	Sekolah Dasar / MI	3.605
3.	SMP/SLTP/MTS	1.952
4.	SMA/SLTA/Aliyah	2.263
5.	Akademi/D1-D3	1.165
6.	Sarjana (S1-S3)	768
7.	Sekolah Luar Biasa	2

### c. Agama

Masarakat Kalurahan Sindangbarang téh kaasup hétérogén. Aya opat agama nyaéta Islam, Katholik, Protestan, jeung Hindu. Ritual agama dilaksanakeun kalawan rutin. Upamana waé nu ngagem agama Islam ngalaksanakeun saréat Islam anu sakumaha mistina upamana waé: solat, puasa, jeung mayar jakat. Kagiatan kaagamaan anu sipatna babarengan ogé masih dilaksanakeun kalayan rutin ku masarakatna, saperti solat Jumaah, pangajian ibu-ibu, yasinan, pangajian keur barudak anu rutin dilaksanakeun ba'da magrib, sarta miéling poé anu dianggap penting dina agama Islam, siga Muludan (Maulid Nabi) jeung Rajaban (Isra Miraj). Kitu ogé anu ngagem agama Katholik jeung Protestan, maranéhna rutin ka gereja saminggu sakali pikeun ngalaksanakeun ibadah anu disebut kebaktian. Kitu deui anu ngagem Hindu.

Wincikan penduduk dumasar kana agemanna bisa katitén tina ieu tabél di handap:

No.	Agemen	Jumlah
1.	Islam	13.711
2.	Protéstan	511
3.	Katholik	60
4.	Hindu	29

Tati Suryati, 2019

TRADISI SÉRÉN TAUN GURU BUMI DI SINDANG BARANG KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA (Ulukan Sémiotik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### e. Basa

Basa anu dipaké ku masarakat Sindangbarang dina hirup kumbuh sapopoéna nyaéta basa Sunda. Ieu hal bisa kaharti, sabab kasang tukang masarakat Cisantana 100% sélér Sunda. Kamekaran téhnologi, saperti geus asupna aksés internet ka ieu désa, sarta réana penduduk désa anu sarakola teu mangaruhan kana basa anu dipakéna. Masarakat Sindangbarang nepi ka kiwari masih ngagunakeun basa Sunda, sanajan aya sababaraha urang anu geus parigel maké basa Indonésia jeung basa Inggris, tapi tetep basa Sunda anu dipaké ku maranéhna dina hirup kumbuh sapopoéna.

### e. Pakakas Hirup

Téhnologi diciptakeun pikeun mantuan manusa dina ngalaksanakeun pagawéanana/ pakasabanana. Pakasaban masarakat Sindangbarang téh umumna mah jadi buruh tani jeung patukangan, ku kituna téhnologi anu dipakéna ogé teu jauh tina pakakas tani jeung pakakas patukangan. Ieu di handap aya sababaraha pakakas anu digunakeun ku para patani, diantarana:

- 1) Arit, nya éta pakakas paranti ngala jukut atawa ngala paré, dijieunna tina beusi dicampur baja jeung kai minangka gagangna, wangunna saperti gaét tapi teu nguél teuing.
- 2) Aseuk atawa luju, nya éta kai buleud panjang, méncos tungtungna, paranti ngaseuk, nyieun logak laleutik keur melak sisikian: jagong, kacang, jsb.
- 3) Dudukuy, tutup sirah sabangsa topi, bisa ngiuhan panon jeung ceuli tina panas jeung hujan..
- 4) Garpuh, pakakas tukang tani paranti ngajurkeun taneuh.
- 5) Koréd, pakakas tani pikeun miceun jujukutan di kebon, dijieun tina beusi jeung waja, wangunna sarupa arit tapi dilengkungkeun.
- 6) Étém, sabangsa péso nu diwangun husus paranti ngala paré ranggeuyan.
- 7) Pacul, parabol paranti malikeun taneuh di sawah, ngagali lobang, ngamalirkeun cai, ngaduk, jsb. Seuseukeutna dijieun tina beusi atawa waja, gagangna tina kai nu rada dibéngkokkeun sangkan gampang makéna.

Tati Suryati, 2019

*TRADISI SÉRÉN TAUN GURU BUMI DI SINDANG BARANG KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA (Ulukan Sémiotik)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ari pakakas anu digunakeun ku patukangan di antarana:

- 1) Kampak, parabol anu wangunna siga huntu maké gagang tina kai. Sabeulah (seuseukeutna) paranti ngadék, sabeulah deui dipaké nakol.
- 2) Kihkir/kikir, parabol tina waja paranti ngasah ragaji atawa ngaratakeun beusi nu karadak.
- 3) Palu, parabol paranti nakol paku supaya nanceb atawa barang séjénna, dijieunna tina beusi, maké gagang tina kai.
- 4) Péso lipet, péso leutik anu bisa ditikelkeun gagangna sarta bisa dipésakan.
- 5) Ragaji, parabol anu sisina raréges tur seukeut paranti motong kai.

### 3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik studi pustaka, obsérvasi, jeung téhnik wawancara. Téhnik studi pustaka dipaké pikeun ngumpulkeun data kalawan maké cara nalaah sababaraha dokumén-dokumén sangkan bisa neuleuman tiori-tiori anu aya patalina jeung garapan panalungtikan. Téhnik obsérvasi dipaké pikeun ngumpulkeun data ku jalan niténan jeung nalingakeun langsung lumangsungna tradisi sérén taun. Téhnik wawancara téh nu dipaké pikeun maluruh sarta ngalengkepan data nu tacan nyampak dina dokumén-dokumén jeung obsérvasi.

Pikeun ngumpulkeun data sangkan data nu kakumpul téh teu bacacaran, dina ieu panalungtikan, panyusun bakal migawé léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

- 1) ngayakeun observasi ka lapangan
- 2) ngayakeun wawancara bari ngarékam
- 3) milah-milah data nu geus kapanggih tina hasil observasi jeung wawancara; jeung
- 4) ngasup-ngasupkeun data nu geus kapanggih kana papasinganan.

### 3.5 Téhnik Ngolah Data

Dina ngolah data, digunakeun téhnik analisis data. Sabada data dikumpulkeun, data diolah ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap:

Tati Suryati, 2019

*TRADISI SÉRÉN TAUN GURU BUMI DI SINDANG BARANG KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA (Ulukan Sémiotik)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 1) niténan deui data nu geus dikumpulkeun;
- 2) milah-milah data tina tradisi Sérén Taun Guru Bumi anu aya patalina jeung unsur semiotik;
- 3) ngolom-ngolomkeun data anu geus kakumpul kana jero kartu data;
- 4) nganalisis ikon nu nyangkaruk dina tradisi Sérén Taun Guru Bumi;
- 5) nganalisis indéks nu nyangkaruk dina tradisi Sérén Taun Guru Bumi;
- 6) nganalisis simbol nu nyangkaruk dina tradisi Sérén Taun Guru Bumi;
- 7) nyieun bahan ajar wacana bahasan budaya tina tradisi Sérén Taun Guru Bumi;
- 8) nyieun kacindekan tina data nu geus diolah; jeung
- 9) ngadéskripsikeun, nafsirkeun, tur nyindekkeun data nu geus diolah.